



Pou Piblikasyon Imedya: 28/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 30 MILYON DOLA POU ELAJI ENSTALASYON
TRETMAN REZIDANSYÈL YO POU TIMOUN AK ADOLESAN KI GEN BEZWEN
SANTE MANTAL KONPLÈKS**

***Enstalasyon ki gen lisans yo ofri pwogram volontè pou sipòte jèn ki bezwen swen
sou plas***

***Fè pati plan 1 milya dola Gouvènè Hochul la pou transfòme ak ranfòse sistèm
swen sante mantal Eta New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 30 milyon dola pral disponib pou devlope twa nouvo enstalasyon tretman rezidansyèl pou timoun ak adolesan ki bezwen swen sou plas. Jere pa Biwo Sante Mantal Eta New York, finansman kapital la pral ede konstwi nouvo enstalasyon yo nan Vil New York, nan Long Island, ak nan tout rejyon Hudson River epi bay plis kapasite pou jèn nan tout eta a.

"Pitit nou yo nan kriz, epi se wòl nou pou asire yo resevwa swen sante mantal ak sipò yo bezwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enstalasyon tretman rezidansyèl yo pèmèt timoun ak adolesan k ap viv ak pwoblèm sante mantal grav resevwa sèvis entansif pou ede yo rekipere, retounen lakay yo, epi mennen yon vi an sante ak siksè."

Gen montan ki rive jiska 10 milyon dola ki disponib pou founisè sèvis k ap opere pwogram rezidansyèl oswa sikyatrik pou pasyan entènè pou jèn yo. Finansman an ka itilize pou achte nouvo pwopriyete, konstwi yon nouvo etablisman, oswa reyabilite bilding ki egziste deja pou devlope yon nouvo etablisman. Jèn yo resevwa nan etablisman tretman rezidansyèl yo souvan ale lekòl sou oswa toupre kanpis la, epi travay chak jou ak anplwaye ki resevwa fòmasyon pou pratike konpetans ki nesèsè pou jere defi yo. Nou devlope yon plan swen ki santre sou fanmi an, ki ede ranfòse relasyon jèn yo ak manm fanmi yo pou yo ka pase plis tan lakay yo pandan y ap fè pwogrè.

Doktè Ann Sullivan, Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Entèvansyon ak tretman bonè enpòtan sitou pou ede timoun ki gen pwoblèm sante mantal atenn objektif yo. Etablisman tretman rezidansyèl yo bay tretman ak sipò nan sityasyon sa yo lè sèvis pou pasyan ekstèn ak sèvis kominotè yo jis pa ase epi èd ki pi entansif nesèsè tanporèman. Finansman sa a reflekte angajman Gouvènè Hochul pran pou sante mantal jèn yo epi pou ede jèn yo ak fanmi yo simonte defi yo fè fas yo."

Gouvènè Hochul te fè sante mantal jèn yo vin yon priyorite nan administrasyon li an ak yon pati enpòtan nan [plan 1 milya dola](#) a pou ranfòse sistèm swen sante mantal Eta New York la. Nan kad plan sa a, eta a te envesti 30 milyon dola pou elaji kantite klinik sante mantal nan lekòl yo epi amelyore sèvis konplè pou jèn yo. Mwa pase a, Gouvènè a te elaji pwogram klinik sante mantal ki baze nan lekòl la lè li te bay [finansman anplis pou depans pou jèn antrepriz](#) epi li te kreye yon pwosesis aplikasyon kontinyèl.

Gouvènè Hochul ap bay finansman tou pou lòt sèvis esansyèl pou timoun ak jèn yo, sa gen ladan 10 milyon dola pou pwogram prevansyon swisid yo; 7 milyon dola pou elaji [HealthySteps](#), yon pwogram ki baze sou prèv ki asosye pwofesyonèl sante konpòtmantal avèk ekip pedyatrik pou bay swen sante mantal ak fizik pou timoun piti nan yon anviwònman pedyatrik; ak 3.1 milyon dola pou Sant Swen Konplè pou Pwoblèm Manje. Pwogram Entèvansyon Kriz nan kay la, yon sèvis entansif pèsonalize ki ede fanmi yo kenbe jèn yo lakay yo, te elaji tou. Finalman, OMH te finanse 30 ekip [Tretman Kominote Enklizif pou Jèn](#) (Youth Assertive Community Treatment, ACT) depi 2022.

Kounye a, OMH bay lisans pou 11 etablisman tretman rezidansyèl atravè eta a. Enstalasyon volontè sa yo bay tout sèvis sante fizik, medikal ak mantal nan yon anviwònman sipèvize ak estriktire ki fèt pou diminye estrès deyò, ki an retou pèmèt jèn ki nan swen yo konsantre sou rekiperasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)